QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ JASLAR SIYASATÍ HÁM SPORT MINISTRLIGI
BUYRÍǴÍ

16«avgust»2023 jıl. **659-A/F-san** Nókis qalası

**Спорттың футбол түри бойынша U-13-14-жаслы қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы кубогын өткериў ҳаққында**

Спорттың футбол түри бойынша U-13-14-жаслы қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы кубогын өткериў режесине тийкарланып **буйыраман:**

1. Спорттың футбол түри бойынша U-13-14-жаслы қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы кубогын өткериў режеси мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Спорттың футбол түри бойынша U-13-14-жаслы қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы кубогы 2023-жыл 17-18-август күнлери балалар өспиримлер футбол академиясы стадионында өткерилсин.

3. Жарыс жеңимпазларын сыйлықлаў ушын дәрежели дипломларға сарыпланатуғын қәрежетлер 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. Жарысты өткериў бойынша бас төреши етип Ф.Аширбаев ҳәм жарыс хаткери етип М.Ахунов тастыйықлансын.

5. Балалар өспиримлер футбол академиясы (Д.Искендеров) ҳәм Қарақалпақстан футбол ассоциациясы (И.Ибрагимов) не:

Жарысты шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ҳәм тиккелей басшылық етиў;

Жарыс жуўмақланғаннан соң 3 күн мүддетте министрликке жарыс есабатларын тапсырыў;

Спорттың футбол түри бойынша U-13-14-жаслы қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы кубогын жоқары шөлкемлескенлик дәрежеде өткериў ушын жарыс болып өтетуғын орынды безеў, абаданластырыў жумысларын алып барыў;

жарыс ўақтында спортшылардың жарақат алыўының алдын алыў мақсетинде медицина хызметкерлери менен тәмийинлеў;

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: KJ25577906

усы жарысты шөлкемлестириў ҳәм өткериўде, қатнасыўшылардың қәўипсизлигин ҳәм саламатлығын тәмийинлеў бойынша зәрүр ис-иләжларды әмелге асырыў ўазыйпасы жүкленсин.

6. Нөкис қаласы ҳәм районлық спорт мектеплерине спортшыларды қатнастырыў ўазыйпасы жүкленсин.

7. Қарақалпақстан Республикасы Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң мәлимлеме таллаў ҳәм атқарыў тәртиби бөлими бас қәнигеси (А.Төрениязов)не Нөкис қаласы ҳәм районлық спорт мектеплерине усы буйрық пенен таныстырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өз жууапкершилигимде қалдыраман.

**Министр** **А.Алланазаров**

IJRO.GOV.UZ тизими орқали ЭРИ билан тасдиқланган, Ҳужжат коди: KJ25577906

Қарақалпақстан Республикасы
Жаслар сиясаты ҳәм спорт министрлигиниң
16 «avgust» 2023-жылдағы
659-A/F-санлы буйрығына қосымша

Спорттың футбол түри бойынша U-13-14-жаслы қызлар арасында Қарақалпақстан Республикасы кубогын өткериўге жумсалатуғын қәрежетлер сметасы

1. Өткерилетуғын орны Нөкис қаласы

2. Өткерилетуғын ўақты 2023-жыл 17-18-август

3. Дипломлар

1-орын ушын X 18 дана X 1 500 сўм = 27 000 сўм

2-орын ушын X 18 дана X 1 500 сўм = 27 000 сўм

3-орын ушын X 18 дана X 1 500 сўм = 27 000 сўм

Жәми 81 000 (сексен бир мың) сўм.